

## KESYON YO POZE SOUVAN (FAQs) SOU ERAP 2.4 KONTE MIAMI-DADE LA

### KISA ERAP 2.4 ye?

ERAP 2.4 vle di Pwogram Asistans Dijans pou Lwaye. Se Konte Miami-Dade ki patwone li epi li fèt pou ede fanmi ki gen pwoblèm peye lwaye pandan oswa akòz pandemi COVID-19 la. Li kapab ede tou avèk peman pou sèvisiblik, ak lot sèvis pou kembe kay lan.

### ÈSKE MWEN KALIFYE POU APLIKE?

ERAP 2.4 va aksepte aplikasyon pou rezidan Konte Miami-Dade. Rezidan ki abite nan Vil Hialeah dwe aplike dirèkteman ak Vil Hialeah pou asistans pou lokasyon. Vil Hialeah te resevwa finansman apa ki soti nan men Gouvènman Ameriken an pou pwogram asistans pou lwaye a.

- Fok ou paka peye lwaye ou chak mwa; oswa ou dwe oswa ou pokoka peye pou rekonekte youn nan sèvis itilite sa yo: kouran, gaz, dlo/egou, fatra, entènèt; oswa ou te oblige kite kay lan swa paskeu yo metew deyo, swa akoz mové kondisyon kay lan, pou tèt COVID-19.
- Revni fanmi lakay ou pa depase 140% limit Revni Familyal Medyan Rejyonal pou nan Konte Miami-Dade, Zòn Estastistik Metropoliten (MSA) Florid la pou ERAP 2.4.

### **Kategori Limit sou Revni pou 2022**

Kantite Moun nan Kay la	1	2	3	4	5	6	7	8
Revni pa Ane a 140% AMI	\$95,620	\$109,200	\$122,920	\$136,500	\$147,420	\$158,340	\$169,260	\$180,180
Revni pa Ane a 80% AMI	\$54,600	\$62,400	\$70,200	\$78,000	\$84,250	\$90,500	\$96,750	\$103,000
Revni pa Ane a 50% AMI	\$34,150	\$39,000	\$43,900	\$48,750	\$52,650	\$56,550	\$60,450	\$64,350

- Ou dwe sètifye ke ou pa resevwa asistans gouvènman ki peye pou TOUT lwaye ou. (Egzanp: Pwogram Voucher Chwa Lojman (Seksyon 8), VASH, FUP, Endikap, Pwojè ki baze sou Seksyon 8, HOME-TBRA, Kontinye Swen, Lojman Piblik). Sepandan, yon kay ki kalifye ki okipe yon pwopriyete rezidansyèl oswa itilizasyon melanje ki sibvansyone federalman oswa ki resevwa asistans lokasyon federal ka resevwa asistans depi yo pa aplike lajan pou depans ki te oswa ki pral ranbouse anba nenpòt lòt asistans federal.
- Si ou patisipe nan yon pwogram lokasyon HUD-asistans oswa ap viv nan sèten pwopriyete asistans federal (egzanp, lè I sèvi avèk yon Koupon Lojman Chwa, Lojman Piblik, oswa Asistans lokasyon ki baze sou pwojè) ak lwaye lokatè a ajiste selon chanjman nan revni, kay la ka resevwa asistans pou pòsyon lokatè ki dwe nan lwaye oswa sèvisiblik ki pa sibvansyone.
- **Si ou menm oswa yon manm fanmi imedyat (mari oswa madanm, patnè domestik, paran yo, bòpè yo, timoun yo, bofis yo) ap travay kounye a nan Konte Miami-Dade, oswa ou se yon nonmen oswa eli Ofisyèl Konte, ou oblige soumèt yon mande pou yon opinyon bay**

**KESYON YO POZE SOUVAN (FAQs) SOU ERAP 2.4 KONTE MIAMI-DADE LA**

Komisyon Etik Konte Miami-Dade sou patisipasyon ou nan pwogram sa a.

**KILÈ YO AP AKSEPTÉ DEMANN SIBVANSYON YO?**

Pwosesis aplikasyon an ap kòmanse a 9:00 a.m. nan dat **1 oktòb 2021**

**KIJAN MWEN KAPAB SOUMÈT APLIKASYON MWEN?**

Apati **1 oktòb 2021**, fòmilè demann yo ap disponib sou entènèt nan:

<https://miamidade.myhousing.com/>

Sepandan, si ou pa ka jwenn aksè pou aplike sou entènèt oswa ou pa gen yon adrès imèl, aplikasyon pou papye yo ap disponib nan de (2) kote:

**Northern Miami-Dade County:**

Victory Homes  
520 N.W. 75<sup>th</sup> Street  
Miami, Florida

**Southern Miami-Dade County:**

Homestead Gardens  
1542 S.W. 4<sup>th</sup> Street  
Homestead, Florida

Ou ka pase chèche yon aplikasyon epi depoze aplikasyon an tou ranpli soti 9:00 a.m. jiska 5:00 p.m. **lendi a vandredi apati October 1, 2021, eksepte Jou Ferye.**

Lè w depoze demann ou an sou papye se yon risk w ap pran paske gen plis chans **erè ak diskalifikasyon. NOU REKÒMANDE SERYEZMAN POU W RANPLI AK SOUMÈT DEMANN OU AN SOU ENTÈNÈT.**

**Mèt kay**

Nou ankouraje mèt kay yo pou yo kontakte pwogram lan nan LandlordsERAP@miamidade.gov oswa rele (786-688-2440) pou refere lokatè ki anreta nan lwaye yo. Nou va kontakte ou menm ak lokatè a (yo), epi nou va detèmine kijan nou ka ede ou menm ak lokatè a. Ou dwe kontakte pwogram lan pandan menm peryòd yo te note pi wo a. Ant 9:00 a.m. ak 5:00 p.m., lendi a vandredi apati **October 1, 2021**, eksepte Jou Ferye..

**NAN KI LÒD YO VARESEVWA APLIKASYON YO?**

**Aplikasyon yo pral revize sou yon premye vini, premye sèvi baz.**

**KI DOKIMANTASYON YO PRAL MANDE MWEN BAY LÈ YO FIN KONTAKTE M?**

- Prèv ke yo te finansyèman afekte pandan oswa pa COVID-19 (egzanp, lèt revokasyon, demann endanmnite chomaj, elatriye)

## **KESYON YO POZE SOUVAN (FAQs) SOU ERAP 2.4 KONTE MIAMI-DADE LA**

- Kontra lokasyon ou ye kounye a oswa paj kontra lokasyon ou ye kounye a ki montre adrès kay ou, kantite lajan lwave kontra lwave a, tèm kontra lwave a, oswa si kontra lwave ou a sou yon baz mwa a mwa, ak siyati ou menm ak mèt kay ou.
- Identifikasiyon pou chak manm nan kay la (sa ki vle di: lisans chofè, paspò, batistè, fakti kat kredi, relve labank, elatriye. Dosye enskripsyon lekòl akseptab pou timoun minè yo).
- Prèv revni kounye a pou tout moun ki rete nan kay la (dènye souch chèk yo, lèt revokasyon, lèt endanmnite chomaj, relve kontribisyon, elatriye).
- Si sa aplikab, enfòmasyon dapui pou plis mwa asistans (gran liv mèt kote w rete a ki montre montan lwave ou dwe kounye a, bòdwo lwave, oswa avi sou lwave ou dwe ki montre balans lwave ou dwe a, elatriye)
- Yon fòm (afidavi) Konte a pral bay ke tout grannoun nan fanmi an dwe siyen ki sètifye enfòmasyon ki nan demann sibvansyon an vre dapre sa nou konnen epi nou pa gen lòt asistans deja (jan sa dekri pi wo a). Afidavi a sèvi tou kòm otorizasyon pou bay enfòmasyon, jwenn enfòmasyon, epi pou fè w konnen ke sòf pou enfòmasyon pèsonèl, gen pati nan demann sibvansyon an ki sijè a lwa sou divilgasyon dosye piblik Eta Florida a.
- Yon dokiman etik ki ateste si ou menm oswa yon manm fanmi imedyat ou ap travay kounye a nan Miami-Dade County oswa ou se yon nonmen oswa eli Ofisyèl Konte.
- Si ou gen difikilte pou jwenn enfòmasyon, anplwaye yo ap ede ou nan jwenn lot jan pou satisfè kondisyon pwogram lan.

### **KI DOKIMAN MESYE YO MANDE POU YO BAY?**

- Konte a va kontakte mèt kay yo pou asire mèt kay la bay yon fòm federal "W-9". Yon akò ke Konte a pral bay pwopriyetè yo aksepte asistans lokasyon ki gen sèten kondisyon pwogram lan.
- Konte a ka travay tou avèk mèt kay la pou ede avèk lòt dokiman ki pou ede lokatè ki ap aplike a nan apwobasyon pou asistans lwave a.
- Yon dokiman etik ki ateste si pwopriyetè kay la oswa yon manm fanmi imeda pwopriyetè kay la ap travay kounye a nan Konte Miami-Dade oswa se yon ofisyèl Konte nonmen oswa eli.

### **NAN KI DELÈ FANMI YO AK MÈT KAY YO DWE BAY DOKIMAN YO MANDE YO?**

Si yon anplwaye Konte Miami-Dade kontakte w ou pa imèl oswa telefòn pou mande w plis dokimantasyon, w ap gen swasandezèdtan pou voye dokiman yo mande yo nan adrès imel [ERAP@miamidade.gov](mailto:ERAP@miamidade.gov). Tout imel yo **dwe** gen non kandida a ak nimewo demann sibvansyon an.

Apa sa, ou te mèt depoze **kopi** dokiman verifikasyon yo mande yo nan lokal pi wo a, men sa pa rekòmande. Orè biwo a soti lendi rive vandredi ant 8:00 a.m. e 5:00 p.m.

## **KESYON YO POZE SOUVAN (FAQs) SOU ERAP 2.4 KONTE MIAMI-DADE LA**

Yo pap aksepte dokiman orijinal, e yo pap fè kopi nan kote pou depoze dokiman yo.

### **KILÈ MWEN AP KONNEN SI MWEN APWOUVE POU RESEVWA YON PRIM?**

Yo ap fè w konnen pa imel si yo apwouve w oswa pa apwouve w pou sibvansyon. Tan notifikasyon an ka varye, depandan de tankou tan li pran pou resevwa tout enfòmasyon yo mande yo, ak kantite asistans ou mandé.

### **KI MONTAN MAKSIMÒM ASISTANS LWAYE MWEN KA RESEVWA PA MWA?**

Asistans pou lwave a va baze sou pi piti pri lwave mansyèl la a oswa ale jiska \$3,000 chak mwa.

### **MWEN AN RETA PLIZYÈ MWA SOU LWAYE MWEN. ÈSKE MWEN KA RESEVWA ÈD ADISYONÈL?**

Ou ka elijib pou peman aryere lwave ak pou lwave nan lavni pou yon maksimòm de 18 mwa (ERAP2.4 pa ka ede ak aryere lwave pou mwa yo anvan Mas 2020). Si sa aplikab, yo pral mande enfòmasyon sipò pou mwa adisyonèl nan asistans (mèt kay ki montre kantite lajan lwave li dwe kounye a, deklarasyon pri lwave, lwave avi akòz ki montre balans lan nan pri lwave dwe, elatriye).

### **MWEN TE JWENN ASISTANS POU LWAYE NAN PWOGRAM ERAP ANVAN KONTE MIAMI-DADE LA. ÈSKE MWEN KA APLIKE POU ERAP 2.4?**

Wi, si ou bezwen asistans adisyonèl ou ka aplike pou ERAP 2.4. Sepandan, ou pa pral resevwa asistans pou mwa nan lwave ou te deja bay.

### **KONBYEN TAN SA AP PRAN POU MOUN RESEVWA ASISTANS?**

Nan pifò ka yo, yon fwa yo fin apwouve aplikasyon an, asistans ap fèt nan di (10) jou. Y ap voye yon imèl lè peman asistans lan publiye.

### **KIJAN AK KI LÈ Y AP AVÈTI MÈT KOTE M RETE A?**

PHCD ap kontakte mèt kay pa imel oswa pa telefòn.

### **KIYÈS KI AP RESEVWA PEMAN ASISTANS POU LWAYE A?**

Si mèt kay la dakò pou patisipe, peman asistans lokasyon an ap poste dirèkteman bay mèt kay la nan adrès mèt kay ou bay sou Fòm W-9 la.

### **E SI MÈT KOTE M RETE A PA DAKÒ PATISIPE?**

Nan ka sa a, yo pral fè tout efò pou jwenn pwopriyetè ak lokatè pou yo travay ansanm pou rezoud pwoblèm yo. PHCD ap notifye lokatè pwopriyetè ki pa kolabore epi li pral eksplike yon metòd altènatif pou bay asistans.

### **MWEN DWE SOU BIL KOURAN/DLO MWEN. ÈSKE MWEN KA RESEVWA LOT ASISTANS?**

**KESYON YO POZE SOUVAN (FAQs) SOU ERAP 2.4 KONTE MIAMI-DADE LA**

Ou ka elijib pou asistans pou peye dèt oswa rekoneksyon pou sèvis itilite sa yo: kouran, gaz, dlo / egou, fatra, ak entènèt.

**ÈSKE MWEN KA RESEVWA ASISTANS POU ALE NAN LOT KAY?**

Ou ka elijib pou resevwa asistans pou alé nan lot kay yo metew deyo oswa mové kondisyon kay lan oblijew alé.

**MÈT KAY MWEN AN AP OGMANTE PRI LWAYE MWE LWAYE MWEN AN E MWEN PA KAPAB PEYE OGMANTASYON AN. KAPAB ERAP 2.4 EDE?**

Nan ka sa a, ou ka elijib pou resevwa èd ak diferans nan pri lwaye aktyèl la ak jiska **40%** nan nouvo lwaye a, pou yon peryòd twa mwa.

**ÈSKE MWEN AP JWENN YON MOUN POU M PALE SI M GEN LÒT KESYON SOU PWOGRAM NAN?**

Wi. Ou ka kontakte Depatman Lojman Biblik ak Devlòpman Kominotè Konte Miami-Dade la (Department of Public Housing and Community Development, PHCD) nan **(305) 723-1815** ant 8:00 a.m. e 5:00 p.m. **lendi a vandredi apati 1 oktòb 2021**, eksepte Jou Ferye. Ou ka voye kesyon pa imel tou nan [ERAP@miamidade.gov](mailto:ERAP@miamidade.gov).